# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम के एक सौ अठारहवीं कड़ी में देस–विदेस के लोगिन के साथे आपन बिचार साझा कइलें। प्रधानमंत्री कहलें कि भारत प्रखर वैज्ञानिकन अउर नवोन्मेसी वैज्ञानिकन के बदौलत अंतरिक्ष के क्षेत्र में नया मानदण्ड स्थापित कइ रहल हौ, जेहसे भावी चुनौतियन क समाधान उपलब्ध होई। प्रदेस में प्रयागराज में चलि रहल महाकुंभ मेला के बारे में प्रधानमंत्री कहलें कि ई समता–समरसता क एगो असाधारण संगम हौ।

**संगम की रेतीपर पूरे भारत के लिए पूरे विश्व के लोग जुटते हैं हजारों वर्षों से चली आ रही इस परंपरा में कहीं भी कोई भेदभाव नहीं जाती वाद नहीं इसमें भारत से दक्षिण से लोग आते हैं भारत के पूर्व और पश्चिम से लोग आते हैं कुंभ में गरीब अमीर सब एक हो जाते हैं सब लोग संगम में डुबकी लगाते हैं 1 साथ भंडारों में भोजन करते है प्रसाद लेते है तभी तो कुंभ एकता का महाकुंभ है**

प्रधानमंत्री कहलें कि जवने तरियन प्रयागराज, उज्जैन, नासिक अउर हरिद्वार में कुंभ क आयोजन होला, ओही तरियन गोदावरी, कृष्णा, नर्मदा अउर कावेरी नदियन के किनारे पुष्करम क आयोजन होला।

**********

महाकुंभ नगर प्रयागराजो में आजु सरधालुअन अउर तीर्थयात्रियन के सथहीं अउरियो लोगि आकाशवाणी पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के मन की बात कार्यक्रम के जन सम्बोधन प्रणाली के जरिया से सुनलें। श्री मोदी अपने मासिक रेडियो कार्यक्रम–मन की बात के दौरान महाकुंभ–दुइ हजार पचीस के कई पहलुअन पर बाति कइलें। उहां के कहलीं कि ई समानता अउर सद्भाव क एगो असाधारण संगम हौ। येह दौरान कुछु लोगि अपने अनुभवन के आकाशवाणी के साथे साझा कइलें। महाकुंभनगर से एगो रिपोर्ट–

**आकाशवाणी समाचार से बात करते हुए कुछ श्रद्धालुओं ने मन की बात सुनने के बाद अपने विचार साझा किए।**

**मैं यहां स्नान करने आई थी और इसलिए मैंने प्रधानमंत्री की मन की बात सुना, जिसमें उन्होंने बहुत सारी अच्छी–अच्छी बातें बताई, जिसमें उन्होंने ये बताया कि महाकुंभ जो है एकता का प्रतीक है।**

**प्रधानमंत्री जी के मन की बात सुनने को मिला, काफी अच्छा लगा और वास्तविक जो है महाकुंभ एकता का संदेश देता है।**

**महाकुंभ नगर में श्रद्धालु और तीर्थ यात्री पब्लिक एड्रेस सिस्टम से आकाशवाणी के कुंभवाणी समाचार बुलेटिन भी सुन रहे है। यह चैनल 26 फरवरी तक समाचार और अन्य कार्यक्रम प्रसारित करता रहेगा । आनंद कुमार, आकाशवाणी समाचार, कुंभ नगर।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रयागराज जिला के दौरा पर हवें। येह दौरान श्री योगी महाकुंभ के तइयारियन के ले के अधिकारियन के साथे बइठकी कइ के सरधालुअन, कल्पवासियन क सुरक्षा अउर सुविधा बदे जरूरी दिसा–निरदेस दिहलें। पत्रकार लोगिन से बतियावत मुख्यमंत्री कहलें कि पौष क पुन्नमासी अउर मकर संक्रांति क बड़हन नहान बढ़ियां से पूरा हो गइल। आवे वाला मौनी अमौसा, बसंत पंचिमियों के दुइ गो बड़हन नहान हौ, एके सकुसल आयोजन बदे आजु समुचित व्यवस्था कइले क निरदेस दिहले हवें। महाकुंभ में नहाये बदे राष्ट्रपति, उपराष्ट्रपति, प्रधानमंत्री, गृह मंत्री क कार्यक्रमो प्रस्तावित हौ। येह लोगिन के अइले के ले के तइयारी कइल जा रहल हौ।

**********

राजस्थान क मुख्यमंत्री भजनलाल शर्मा आजु महाकुंभ में त्रिवेणी संगम में नहा के पूजा–अर्चना कइलें। मुख्यमंत्री काल्हि देर राति महाकुंभ मेला क्षेत्र में सेक्टर सात में राजस्थान पवेलियन पहुंचलें। भिन्नही उहां के नाइ से त्रिवेणी संगम क अवलोकन कइलीं, अउर पावन डुबकी लगवले के बाद मां गंगा क पूजा–अर्चना कइलें।

**********

प्रदेस सरकार की ओरि से जीएसटी बेयाज अउर अर्थदंड माफ कइले से जुड़ल योजना चलावल जा रहल हौ। ई जनकारी देत प्रमुख सचिव राज्य कर, एम देवराज आजु बतवलें कि प्रदेस में कार्यरत ब्यौपारियन बदे ई योजना इकतीस मार्च दुइ हजार पचीस ले लागू हौ। उहां के सज्जो करदाता लोगिन से भारत सरकार के येह योजना क लाभ लिहले क आग्रह कइलीं।

**********

प्रदेस के कई जिलन में आजु कुहेसा अउर ठंडी बेयारि के नाते लोगिन क जिनगी परभावित भइल। अजोध्या में कड़ेर ठंडी के देखत जिलाधिकारी कक्षा पांच ले क सज्जो स्कूलन के पचीस जनौरी ले बन्द कइले अउर छौ से बारह क कक्षा भिन्नहीं दस बजे से दुपहरिया तीनि बजे ले चलवले क निरदेस दिहले हवें। लखनऊ मौसम केन्द्र क वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतवलें कि बाइस से तेइस जनौरी के राज्य के कुछु इलाकन में बरखा भइले क असार हौ। ओहीं, उत्तर रेलवे अउर पूर्वोत्तर रेलवे क कुछु गाड़ियन के निरस्त कइ दिहल गइल हौ त कुछु कुहेसा के नाते देरी से चलति हइनि।

**********